

**KACINGKRANGAN SAJRONE CERBUNG TAN KENDHAT ANGGITANE ISMOE RIANTO  
(TINTINGAN SOSIOLOGI SASTRA)**

**WIDIA ASTUTI**

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah  
Fakultas Basa lan Seni  
Universitas Negeri Surabaya

Widiaastuti370@gmail.com

**ABSTRAK**

Panliten iki ngrembug reriptan gancaran awujud gancaran yaiku cerita sambung kanthi irah-irahan *Tan Kendhat* Anggitane Ismoe Rianto. Cerita sambung iki ngemot bab-bab sosial kang tuwuh sajrone masyarakat, bab-bab kasebut yaiku kacingkrangan. Pangripta anggane nganggit sawijine reriptan ngenani tema kacingkrangan, kadhang kala ndeleng saka kedadeyan sajrone masyarakat.

Adhedhasar andharan kasebut, underan panliten iki yaiku, 1) kepriye kacingkrangan kang ana sajrone cerbung *Tan Kendhat*; 2) apa wae kang dadi sebab kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat*; 3) apa wae akibat kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat*; 4) apa wae upaya kanggo ngrampungni kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat*; 5) kepriye gayutane kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat* karo realitas sosial sajrone bebrayan.

Panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif. Sumber dhata panliten arupa cerbung *Tan Kendhat* lan berita. Dhata panliten arupa tembung, ukara, wacana, lan solah bawane paraga sajrone cerbung kasebut. panglumpukane dhata nggunakake metodhe dokumentasi. Kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata panliten iki, digunakake metodhe dheskriptif analisis kanthi tintingan sosiologi sastra.

Asile panliten kaperang dadi papat adhedhasar underane panliten yaiku 1) kahanan kacingkrangan kang diperang dadi telu, yaiku tunawisma, bocah ora kopen, lan kurange lapangan kerja. 2) sebabe kacingkrangan yaiku faktor individu lan faktor kultural. 3) akibat kacingkrangan yaiku kriminalitas kaperang dadi loro yaiku tumindak degsiya, lan mendem. 4) upayane kanggo ngrampungni kacingkrangan kang kaperang dadi telu yaiku adol narkoba, main, lan nyolong. 5) gayutane kacingkrangan karo realitas sosial ing bebrayan kang diperang dadi telu yaiku pawadan tuwuhe kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat* karo realitas sosial ing bebrayan, akibat kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat* karo realitas sosial ing bebrayan, lan upayane kanggo ngrampungni kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat* karo realitas ing bebrayan.

**Tembung wigati** : kahanan kacingkrangan, sebab kacingkrangan, akibat kacingkrangan, lan upayane ngrampungni kacingkrangan.

**PURWAKA**

**LELANDHESAN PANLITEN**

Karya sastra wujud maneka warna, salah sawijine yaiku prosa. Prosa uga sinebut fiksi, teks naratif, utawa wacana naratif (Nurgiyantoro, 2013:2). Tegese fiksi yaiku crita rekaan utawa crita khayalan. Kabeh iku disebabake amarga fiksi yaiku karya naratif kang bener-bener kedadeyan (Abrams sajrone Nurgiyantoro, 2013:2). Miturut Altbernd lan Lewis (sajrone Nurgiyantoro, 2013:3), bisa ditegesi yen prosa naratif iku nduweni sipat imajinatif, nanging bisa dinalar nganggo pikiran lan ngandhut bebener kang dramatis antarane manungsa. Miturut Endraswara (2013:89) karya sastra minangka gegambarane masyarakat nalika wektu iku. Karya sastra diripta dening pangripta kanggo sarana dhokumentasi lan komunikasi antarane pangripta lan pamaos. Lumantar karya sastra para pamaos bisa mangerteni kaanan utawa gegambarane sajrone karya sastra kang dianggit, kayadene sajrone reriptan sastra Jawa modern.

Sastra Jawa Modern yaiku sastra Jawa kang urip lan ngrembaka ing satengahane masyarakat Jawa saiki. Sastra Jawa Modern nduweni jinis-jinis kang beda karo jinis-jinis. Jinis sastra Jawa modern pancen wis ninggalake unsur kraton lan tumuju menyang masyarakat. Gayut karo jinis sastra Jawa Modern, mirturut Rass (1985:11) sastra Jawa Modern nduweni jinis-jinis sastra kang saemper karo sastra Barat yaiku crita cekak padha karo *short story*, crita sambung padha karo *long story*, guritan padha karo *poem*, lan novel.

Cerbung minangka salah sawijine karya sastra prosa. Cerbung nduweni alur crita kang dawa kayadene novel. Akeh kedadeyan sajrone crita kaang njlimet lan nyangkap paraga siji lan paraga liyane. Cerbung minangka awal saka pangrembakane karya sastra modern kang kapacak sajrone kalawarti lan koran (Hutomo, 1974:5). Cerbung mujudake sawijining karya sastra rekaan utawa khayalan, sipate fiksi. Biyasane cerbung kapacak ing kalawarti utawa medhia liyane, ora mung

sepisan nanging diperang dadi pirang-pirang babagan nganti critane cuthel utawa rampung.

Wujude crita sambung kuwi dawa lan kaperang dadi maneka warna. Andharan saka crita sambung kuwi wujude luwih rowa, luwih jembar tinimbang crita cekak utawa cerkak kang pancen wujude cekak ora kaya crita sambung sing luwih akeh crita-critane. Saben crita sambung kuwi mesthi nduweni babak-babak. Cerbung mau lumrahe kapacak ing kalawarti-kalawarti basa Jawa kayata kalawarti Jayabaya, Panyebar Semangat lan Joko Lodhang.

Sawijine pangripta kang kerep nulis cerbung ing kalawarti yaiku Ismoe Rianto. Ismoe Rianto wiwit ngripta ing antarane periode 1970-an. Ismoe Rianto salah sawijine mantan polisi iki mujudake pangripta kang prodhuktif. Asil reriptane kerep kapacak ing kalawarti Jawa, kaya naskah drama, cerkak, lan cerbung. Salah sawijine cerbung reriptane Ismoe Rianto kang kapacak ing kalawarti Jawa yaiku *Tan Kendhat*. Cerbung *Tan Kendhat*, kapacak ing kalawarti Jayabaya taun 2016 kanthi makaping-kaping babak.

Kacingkrangan miturut Suparlan (2004:315) yaiku minangka samubarang ngenani standarte tingkat panguripan kang rendhah, tegese anane tingkat kakurangan ing jumlah utawa golongan manungsa ditandhingake karo standart panguripan kang rendhah, iki kanthi cara langsung katon pangaribawane tumrap tingkat kaanan kesehatan, panguripane moral, lan rasa harga dhiri kang kagolong minangka manungsa miskin.

Kacingkrangan mujudake salah sawijine gejala sosial. kanggo nliti gejala sosial kang ana sajrone cerbung iki, mula tintingan kang trep digunakake yaiku tintingan sosiologi sastra. Soekanto (2013:14) ngandharake yen sosiologi yaiku salah sawijine ilmu sing ndadekake masyarakat minangka objeke. Tintingan sosiologi sastra sing ditengenake ing panliten iki yaiku tintingan sosiologi sastra lan watt, mligine ing perangan sastra minangka kaca benggalane masyarakat. Ing kene tegese sastra minangka kaca benggalane masyarakat yaiku pemahaman tumrap karya sastra lan sesambungane marang masyarakat kang dadi latar belakange (Ratna, 2003:2). Saka andharan kasebut, mula irah-irahan sajrone panliten iki yaiku *Kacingkrangan sajrone Cerbung Tan Kendhat Anggitane Ismoe Rianto (Tintingan Sosiologi Sastra)*.

#### **UNDERANE PANLITEN**

Adhedhasar landhesan panliten kang wis diandharake ing ndhuwur, underan panliten yaiku :

- 1) Kepriye kahanane kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat* anggitane Ismoe Rianto?
- 2) Apa wae kang dadi sebab kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat* anggitane Ismoe Rianto?
- 3) Apa wae dumadine kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat* anggitane Ismoe Rianto?
- 4) Apa wae upaya kanggo ngrampungke kacingkrangan sajrone Cerbung *Tan Kendhat* anggitane Ismoe Rianto?
- 5) Kepriye gayutane kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat* anggitane Ismoe Rianto karo realitas sosial sajrone bebrayan?

#### **ANCASE PANLITEN**

Ancas panliten kang diajab bisa aweh paedah kaya kang dikarepake seing panliti yaiku antarane :

- 1) Njlentrehake gegambaran kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat*.
- 2) Njlentrehake sebab kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat*.
- 3) Njlentrehake dumadine kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat*.
- 4) Njlentrehake upayane kanggo ngrampungke kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat*.
- 5) Njlentrehake gayutane kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat* karo realitas sosial sajrone bebrayan.

#### **PAEDAHE PANLITEN**

Ana saperangan paedah kang arep digayuh saka panliten iki. Paedah-paedah kasebut mligine katujokake marang panliti lan pamaca. Paedah sajrone panliten iki, yaiku.

- 1) Tumrap sastra Jawa Modern, panliten iki minangka salah sijine upaya kanggo ngrembakake sastra Jawa mligine ngenani karya sastra Jawa modern kanthi tintingan sosiologi sastra kang nggunakake crita kanthi wujud tulisan utawa karangan minangka objeke.
- 2) Tumrap pamaca, panliten iki bisa dadi sarana pambiji lan ngenalake karya sastra Jawa modern mligine cerbung *Tan Kendhat* Anggitane Ismoe Rianto kang kapacak ing kalawarti Jayabaya.
- 3) Tumrap piwulangan, panliten iki bisa nambahi bahan ajar mligine apresiasi sastra ing sekolah.

#### **WEWATESANE PANLITEN**

- 1) Kacingkrangan miturut Suparlan (2004:315) yaiku minangka samubarang ngenani standarte tingkat panguripan sing rendhah, tegese anane tingkat kakurangan ing jumlah utawa golongan manungsa ditandhingake karo standart panguripan kang rendhah iki kanthi cara langsung katon pangaribawane tumrap tingkat kaanan kesehatan, kehidupan moral, lan rasa harga dhiri kang kagolong minangka manungsa miskin.
- 2) Cerbung utawa cerita sambung yaiku crita rekaan kang ngemot saperangan kanthi urut sajrone pawarta lan kalawarti (Ensiklopedi Sastra Jawa 2015:96).
- 3) Sosiologi sastra yaiku pasinaon ngenani masyarakat sajrone sistem sosial. Ing sajrone sistem sosial kasebut, masyarakat mesthi wae ngalami owah gingsir sajrone urip. Ora ana masyarakat kang ora ngalami owah gingsir, senadyan masyarakat cilik mesthi bakal ngalami sing jenenge owah gingsir. Owah gingsir kasebut bisa arupa sing cilik nganti sing teka gedhe. Kang mampu menehi pangaribawa kang gedhe tumrap tumindake manungsa. (Nanang Martono (2012:1)

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten sadurunge kang dianggep saemper, ditindakake dening:

- 1) Sholikhatul Fitriyah (2015) *Novel Rembulan Ndhuwur Blumbang Anggitane Narko "Sodrun" Budiman (Tintingan Sosiologi Sastra)*. Panliten iki ngrembug ngenani prakara-prakara sosial kang ana sajrone novel lan pigunane novel kasebut tumrap panguripan.
- 2) Nebella Intan Permatasari (2015) *Purik Sajrone Cerbung Anggitane Widodo Basuki (tintingan Sosiologi Sastra)*. Andharan sajrone panliten kasebut ngrembug ngenani paraga lan pamaragan, banjur gegambaran purik lan gegayutane purik ing cerbung omah karo kanyatan ing bebrayan.
- 3) Silvi Nurul Widayanti (2016) *Mbara Sajrone Cerbung Mulih Ndesa Anggitane Suryadi WS (Tintingan Sosiologi Sastra)*. Panliten iki ngrembug ngenani paraga lan pamaragan, banjur gegambaran mbara lan gegayutane mbara ing cerbung mulih ndesa karo kanyatan bebrayan.

### Kacingkrangan

Kacingkrangan miturut Suparlan (2004:315) yaiku minangka samubarang ngenani standare tingkat panguripan sing rendhah, tegese anane tingkat kakurangan ing jumlah utawa golongan manungsa ditandhingake karo standart panguripan kang rendhah iki kanthi cara langsung katon pangaribawane tumrap tingkat kaanan kesehatan, kehidupan moral, lan rasa harga dhiri kang kagolong minangka manungsa miskin.

Ritonga (2003:1) ngandharake yen kacingkrangan iku kaanan panguripan kang sarwa kakurangan kang dilakoni pawongan utawa bale wisma saengga ora saguh nyukupi kabutuhan minimal utawa kang layak tumrap panguripane. Kabutuhan dhasar minimal kang dimaksud sing sesambungan karo kabutuhan pangan, sandhang, papan, lan kabutuhan sosial sing dibutuhake dening pendhudhuk utawa bale wisma kanggo nyukupi kabutuhan kanthi cara layak.

### Faktor-Faktor Sebab Kacingkrangan

Suharto (2009:31) ngandharake gegayutane kacingkrangan kanthi sebab antarane yaiku: 1) faktor individual, utawa patologis kaiket dening aspek patologis, kalebu kaanan fisik lan psikologise wong miskin. Wong miskin disebabake amarga tumindak, pilihan, utawa kemampuane saka wong miskin, nalika ngadhepi panguripane kayata, cacat fisik, cacat mental, lan nganggur. 2) faktor kultural yaiku ngenani kaanan utawa kuwalitas budaya kang nyebabake kacingkrangan. Faktor iki kanthi cara mligi asring nuduhake ing konsep "kacingkrangan kultural" utawa "budaya kacingkrangan" kang nggayutake kacingkrangan karo kabiasaan urip utawa mentalitas. Panliti Oscar Lewis ing Amerika Latin nemokake yen manungsa miskin nduweni sub-kultur utawa kabiasaan dhewe-dhewe, kang beda karo masyarakat mayoritas (Suharto, 2008b). Tumindak-

tumindak "negatif" kayata, ora gelem nyambut gawe utawa *malas*, fatalisme utawa nyerah ing nasib, ora nduweni jiwa wirausaha, lan kurang ngormati prigele nyambut gawe.

### Akibat Kacingkrangan

Farley (2009:3) ngandharake kacingkrangan nduweni maneka akibat, ing antarane yaiku kacingkrangan nduweni akibat tumrap kriminalitas.

### Lelandhesan Analisis

Teori sosiologi sastra kang digunakake yaiku teori sosiologi sastra kanthi konsep kang dijlentrehake dening Ian Watt. Ian Watt (sajrone Damono, 1978:3), merang sosiologi sastra dadi telu yaiku konteks sosial pengarang, sastra mingka kaca benggalane bebrayan masyarakat, lan fungsi sosial sastra. Perangan kang bakal luwih ditengenake ing kene yaiku ngenani bab sastra minangka kaca benggalane bebrayan masyarakat. Perangan saka teori sosiologi sastra miturut Ian Watt iki digunakake kanggo nggayutake wujud kacingkrangan karo realitas sosial bebrayan.

### METODHE PANLITEN

Pendekatan sing digunakake sajrone panliten iki yaiku pendekatan sosiologi sastra. Pendekatan sosiologis miturut Jabrohim (2012:217) yaiku pendekatan kang nduweni tetimbangan marang segi-segi kemasyarakatan. Pendekatan iki digunakake kanggo mikolehi gambaran kang jangkep lan utuh ngenani timbal balik antarane sastrawan, reiptan sastra lan masyarakat. Metodhe sing digunakake yaiku metodhe dheskriptif lan jinis panlitene yaiku panliten kualitatif.

### Sumber Dhata

Sumber dhata kang digunakake sajrone panliten iki kaperang dadi loro, yaiku sumber dhata primer lan sekunder. Sumber dhata primer yaiku cerbung kanthi irah-irahan *Tan Kendhat* anggitane Ismoe Rianto. Karya sastra iki mujudake crita basa Jawa kang kapacak ing kalawarti Jayabaya. Crita iki kaperang dadi 24 babak, kang kawiwitan saka edhisi 42 Minggu III Juni 2016 nganti babak 13 Minggu III Nopember 2016.

### Dhata

Dhata kang digunakake sajrone panliten iki arupa tembung, ukara, wacana, lan solah bawane paraga sajrone cerbung *Tan Kendhat*.

### INSTRUMEN PANLITEN

Instrumen sajrone panliten iki nduweni tujuwan kanggo nyengkuyung nglumpukake dhata (Arikunto, 2010:192). Instrumen sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga panliti kang bakale nindakake panliti lan nganalisis objek panliten. Panliti kang bakale nglumpukake dhata, nganalisis dhata, nafsirake dhata, lan nyuguhake asil panliten. Banjur, kanggo nglancarake panliten kasebut, mula panliti mbutuhake sawernane piranti utawa alat panyengkuyung yaiku buku tulis lan pulpen.

## **TATA CARA NGLUMPUKAKE DHATA**

Rantaman tata cara nglumpukake dhata ing ngisor iki:

- 1) Teknik maca, teknik maca iki kanthi cara maca linear adhedhasar kaidah struktur basa kang lumrah lan relevan. Teknik maca iki yaiku luwih dhisik maca crita sambung *Tan Kendhat* kanthi cara dibolan-baleni lan wutuh saka perangan wiwitan nganti pungkasan, nganti cetha lan nemu apa kang dikarepake supaya bisa nemu gegambarane saka sakabehe isi crita kanthi cetha.
- 2) Teknik nyathet, teknik iki kanggo nglumpukake dhata kanthi cara nyathet sakabehe dhata kang gayut lan dibutuhake kanggo panliten. Dhata kasebut yaiku gegambarane kacingkrangan kayata tuna wisma, cacat mental, lsp sajrone cerbung *Tan Kendhat*.
- 3) Teknik klasifikasi, teknik iki kanthi cara nggolongake dhata kang wis dikumpulake adhedhasar underan panliten lan ancasa panliten. Sajrone teknik iki ana saperangan proses yaiku milih dhata-dhata kang luwih relevan kang bakale ditintangi. Dhata kasebut yaiku gegambarane kacingkrangan kayata tuna wisma, kriminalitas sajrone cerbung *Tan Kendhat*.

## **TATA CARA NGOLAH DHATA**

Sawise dhata diklumpukake lan slaras karo underane panliten, mula anggone ngolah dhata kanthi cara ing ngisor iki.

- 1) Ngumpulake lan merang dhata kang duweni gegayutan karo kahanan kacingkrangan, sebab kacingkrangan, akibate kacingkrangan, upayane ngrampungke kacingkrangan, lan dhata faktual ngenani kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat*.
- 2) Nggolongake dhata kang wis dilumpukake adhedhasar kahanan kacingkrangan, sebab kacingkrangan, akibat kacingkrangan, upayane ngrampungke kacingkrangan, lan dhata faktual ngenani kadurjanaan sajrone cerbung *Tan Kendhat*.
- 3) Nganalisis kanthi rinci lan runtut dhata kang wis digolongake adhedhasar underan panliten kang wis ditemtokake.
- 4) Menahi dudutan ngenani kacingkrangan kang ana sajrone cerbung *Tan Kendhat*.

## **ANDHARAN ASILE PANLITEN**

### **Kahanane Kacingkrangan**

Perangan kapisan kang bakal dirembug yaiku kahanan kacingkrangan sajrone cerbung *Tan Kendhat*. Maneka warna kahanan kacingkrangan kang bakal diandharake ing bab andharan panliten iki. Nanging kahanan kacingkrangan kasebut mung winates sajrone cerbung *Tan Kendhat* ing antarane: 1) ora bisa nyukupi papan, 2) bocah ora kopen, lan 3) ora ana panggonan kanggo nyambut gawe. Kahanan sajrone cerbung *Tan Kendhat* kang sepisan yaiku ora bisa nyukupi papan kang diandharake ing ngisor iki.

### **Ora Bisa Nyukupi Papan**

Kacingkrangan minangka salah sawijining prekara utama kang nyebabake tunawisma ing dunya.

Rendhahe pengasilan njalari wong-wong ora saguh kanggo mbayari kabeh biaya-biaya kang ana, kayata papan, pendhidhikan, kasehatan, lan sapanunggal. Akeh manungsa kang nyupelekake biaya kanggo panggonan, amarga biaya kanggo tempat tinggal gedhe banget. Saka andharan kasebut nuwuhake tuna wisma.

Cokro minangka salah sawijine paraga kang ora bisa nyukupi papan. Cokro, pawongan umur setengah tuwa lontang-lantung lan klebengan munyeri kutha. Amarga bingung ora nduwe papan gawe turu. Saking kesele Cokro mandheg ing saenggon-enggon. Nanging panggonan sing iki ora kajarag dumadakan Cokro nemu panggonan kang bakale bisa gawe leren lan turu. Tumindak kasebut bisa diweruhi saka pethikan ing ngisor iki.

“Cokro dhewe jane, ya kaya ora kajarag anggone *nemu* panggonan kuwi. Nalika semana wis mungkur mahgrib, sawise klabengan ing kutha, rumangsa sayah, Cokro lungguh sumendhe gapura, sepedhahe jengki biru, dijagang ing ngarepe.” (JB, 2016:1:42)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalika Cokro nemu loji. Dheweke krasa kesel banget amarga sawise klebengan kutha nganti wayah mungkur magrib. Saking kesele, banjur Cokro sumendhe ing gapura lan sepedhahe jengki biru dijagang ing ngarepe gapura. Ora nyana lan ora ngira dumadakan Cokro nemu panggonan kuwi.

Ora bisa nyukupi papan ing kene ditindakake dening Cokro yaiku dibuktikake yen Cokro penggaweyane mung ngalor-ngidul ngubengi kutha, turune saenggon-enggon. Kamangka, papan kanggo turu cetha banget yen dadi kabutuhan nomer siji. Menawa wis bejane Cokro nemu panggonan kuwi. Kahanan iki nuduhake yen Cokro urip kacingkrangan.

### **Bocah Ora Kopen**

Bocah ora kopen yaiku bocah kang wong tuwane nyupelekake lan ora saguh nglakoni kuwajibane minangka wong tuwa saengga kabutuhane anak minangka jasmani, rohani, lan sosiale ora kacukupi. Bocah kang ora kopen yaiku anak kang umure wiwit lima nganti wolulus taun amarga sebab tartamtu (amarga kacingkrangan, salah sawijine saka wong tuwane kang nandang lara, yatim piatu, kulawarga kang ora harmonis, ora ana pengasuh, lsp) saengga ora bisa nyukupi kabutuhan dasare kanthi wajar kayata jasmani, rohani, lan sosial. kepriyen lan sapa wae kang ngalami bocah ora kopen kasebut bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

Cilikane Imanah biyen ora melu wong tuwane dhewe sing balewismane kacingkrangan. Kanggo mangan sabendinan wae wong tuwane ora bisa nyukupi. Apa maneh kanggo ngramut lan nggedhekake Imanah. Amarga wong tuwane Imanah urip kacingkrangan, banjur dheweke dikukup Pakdhe lan Budhene. Dheweke didhidhik lan diramut kanthi becik. Tumindak kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Wiwit cilik Imanah iku diupakara Pakdhe Tulus lan Budhe Pri, merga wong tuwane dhewe kacingkrangan. Saben Budhene tilik rumangsa keranta-ranta weruh Imanah rambute madhul-

madhul, rai reged panganggone kumel. Kancakancane wis dha sekolah, Imanah isih playon umbar-umbaran, bar surup lagi adus njur dolan maneh nganti wengi. Mula sadurunge rusak nemen karo Pakdhe lan Budhene njur direngkuh.” (JB, 2016:4:45)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen cilikane Imanah ora kopen, amarga wong tuwane dhewe urip kacingkrangan. Ora ana krenteg saka wong tuwane kanggo ngramut Imanah. Sabendinane ora tau diramat, rambute Imanah ora tau dijungkasi nganti katon madhul-madhul, raine katon reged kaya ora tau raup, sandhangane mbulak ora pantes digawe. Saliyane kuwi, wong tuwane uga ora ngurusi ngenani pendhidhikan Imanah. Sedina-dinane mung diumbar playon, kamangka saumurane Imanah kudune wis ngancik sekolah.

Andharan katrangan kasebut nuduhake yen bocah ora kopen diwujudake dening Imanah. Wiwit cilik dheweke ora kopen amarga kulawrgane urip kacingkrangan. Bapak lan Ibune ora bisa ngrumat lan ngopeni. Bocah ora kopen ing andharan kasebut dibuktikake yen rambute Imanah madhul-madhul, raine reged kumus-kumus, panganggone lungset, kumel, lan mbulak. Wong tuwane Imanah ora bisa ngrumat kanthi becik lan dhisiplin amarga wong tuwane dhewe uga ora duwe biaya kanggo ngrumat Imanah. Akibate Imanah dadi bocah ora kopen kaya mangkono.

#### **Ora Ana Panggonan kanggo Nyambut Gawe**

Prekara ora ana panggonan kanggo nyambut gawe ing Indonesia saiki wis nggayuh kaanan sing cukup mrihatinake, bab iki ditandhai kanthi cacah gedhene pengangguran, pendhapatan kang relatif rendah lan kurang ratane pembangunan mligine ing desa kang katinggal. Kepriye lan sapa wae kang ngalami kurange lapangan kerja kasebut bias diwawas saka andharan ing ngisor iki.

Nalika Cokro nemu loji, Cokro nduwe krenteg gawe ngresiki panggon kasebut. Cokro pawongan kang resikan lan pethel yen prekara dandan-dandan. Saliyane iku, prekara nyambut gawe Cokro uga sarwa srabutan apa wae bisa dicandhak dening Cokro. Lelakon kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Cokro njur njupuk tas lan ndudut botol isi gemuk. Saliyane gemuk, njeron tas uga ana gunting, jijir, pethik, lem, kunci pas, kunci inggris, graji wesi lan gunting. Sarana perkakas kuwi Cokro ngupadi panguripan, mubeng kutha golek garapan sarana dandan-dandan. Barang sing tayengen dioseri gemuk, sedhela-dhela regedane dicuthiki obeng.” (JB, 2016:1:42)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake keprigelane Cokro. Perkakase Cokro sarwa jangkep amarga Cokro pawongan kang penggaweyane srabutan. Lumantar perkakas kang ana tase Cokro kayata kunci inggris, graji wesi, gunting, lan liya-liyane dheweke ngupasi golek sapuluke sega kanggo nyukupi kabutuhan uripe kang kacingkrangan. Cokro golek panguripan kanthi keprigelane yaiku dandan-dandan.

#### **Sebab Kacingkrangan**

##### **Faktor Saka Dhiri Pribadhi (Individual)**

###### **1) Cacat Mental**

Bocah kang cacat mental yaiku bocah kang kacerdasane ing ngisore rata-rata. Saliyane kuwi, bocah kang ngalami keterbelakangan sajrone nyelaraské dhiri karo lingkungane. Bocah kasebut kurang cetha sajrone mikirake samubarang kang abstrak, angel, lan njlimet. Kepriye lan sapa kang nyandhang cacat mental kasebut bisa diwawas saka andharan ing ngisor iki.

Imanah sesambungan peteng karo Karsi. Imanah lan Karsi dina-dinane mung ngruntel ing njero kamar. Saka tumindake iku Imanah ngandheg lan ndadekake pikirane Imanah buthek. Jalaran saka kuwi Imanah nduwe niyat kanggo nggugurake anake. Kanthi direwangi merdhukun mrana-mrene, lan ngombe sawernane jamu nanging ora ana asile. Saya dina wetengengane ora bisa didhelikake. Atine saya buthek. Saya judheg maneh, sawise babaran, jebul Karsi lunga, ora ana sing ngerti menyang ngendi. Saka akibate kuwi, Imanah nglairake anak sing nyandhang cacat mental. Tumindak kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Piang!” Imanah ngundang anak lanange sadurunge mlebu senthong. Jenenge Piantara. Gandheng omongane pelo, angger ana sing takon, diwangsul Piang. Mula nganti gedhe panggah kondhang karo jeneng Piang. Sing diundang ora enggal wangsulan. Imanah mesem. Piang mesthi ndhelik. Sedhela maneh, ngamplok saka mburi, gawe kagete sing nggoleki...” (JB, 2016:2:43)

Imanah menehi jeneng anake kanthi jeneng Piantara. Amarga omongane sing pelo, banjur diwangsul Piang. Tingkahe Piang ora kaya bocah kang lumrah. Yen ditimbali Imanah ora banjur mangsul. Piang mesthi ndhelik, ora let suwe banjur ngamplok saka mburine Imanah. Cacat mental kang dialami Piang amarga sebab saka kacingkrangan. Ora ana biaya kanggo mertamba. Cacat mental kang dialami Piang disengkuyung anane omongane Piang sing pelo. Tumindake sing ora lumrah kaya pawongan lumrahe. Angger-angger Piang ndhelik tanpa ana sing ngajak dolanan.

###### **1) Cacat Fisik**

Saliyane cacat mental ing cerbung *Tan Kendhat* iki uga diandharake ngenani cacat fisik, cacat fisik minangka cacat kang njalari gangguan ing fungsi awak, kayata obahe awak, paningal, parungon, lan upaya micara. (UU No.4 Th. 1997 ngenani penyandhang cacat). Tumindak kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

“Kabeh sedulure enem, gendhok sing nomer telu. Bapake nyambutgawe sakkecandhake, wong tuwane wadon lara mripat, banjur dadi wuta. Kakang-kakange ora karuwan panggonane. Adhine telu ora kopen. Sawise urip ijen golek pangan neng pasar dadi buruh angkat-angkat blanja. Memper awake katon kiyeng mentes. Pituwas saka wong mau sing dienggo mangan saben dinane.” (JB, 2016:8:49)

Gendhok nduweni dulur kabeh cacahé enem, dheweke anak kang nomer telu. Gendhok sengaja ditinggal Bapake ing alun-alun amarga wong tuwane wis ora isa ngopeni maneh. Bapake Gendhok nyambut gawene dadi pawongan sing srabutan. Dene Ibune lara mripta banjur sya suwe dadi wuta. Cacat fisik kang disandhang Ibune ndadekake kulawargane Gendhok uripe kacingkrangan amarga ora ana biaya kanggo mertamba. Cacat fisik ing pethikan ndhuwur disengkuyung anane Ibune Gendhok kang lara mripat banjur dadi wuta. Kulawargane Gendhok ora bisa golek tamba amarga uripe kacingkrangan.

### **Faktor Kultural**

Faktor kultural yaiku faktor kang ngenani kaanan utawa kuwalitas budaya kang nyebabake kacingkrangan. Faktor iki kanthi cara mligi asring nuduhake ing konsep “kacingkrangan kultural” utawa “budaya kacingkrangan” kang nggayutake kacingkrangan karo kabiasaan urip utawa mentalitas. Kepriye lan sapa wae kang ngalami faktor kultural kasebut bisa diwawas saka pethikan ing ngisor iki.

“Isih untung terus diparani Kakange dijak mergawe. Ora abot. Mung ngwasi pegawe ing pabrik sepatu. Dadi pengawas diajab tekane luwih dhisik. Kejaba kanggo conto, uga nuwuhake kawibawan. Sedina rong dina bisa nglakoni. Nanging ngancik rong minggu, penyakit malese kumat.” (JB, 2016:4:45)

Winar dijak nyambut gawe karo Kakange. Nyambut gawene uga ora abot. Winar mung baageyan ngontrol pawongan sing mergawe ing pabrik sepatu. Wiwitan nyambut gawe Winar isih ngatonake disiplin, nanging saya suwe penyakit malese Winar kumat. Faktor kultural diwujudake kaliyan Winar.

Disengkuyung anane tumindake Winar sing ora matuhi tatanan ing pabrik. Saliyane iku uga wani mbantah marang ndhuwurane. Faktor kultural kang ditindakake kaliyan Winar ndadekake Winar uripe kacingkrangan. Ora ana pengasilan amarga tumindake sing ora gelem nyambut gawe. Kacingkrangan sing dialami kaliyan Winar amarga sebab tumindak Winar. Amarga Winar nyambut gawe neng pabrikan kakange, dheweke nyambut gawe sakarepe dhewe, ora matuhi praturan kang ana ing pabrik sepatu kasebut. Kaya-kaya bisa nyambut gawe sasenege.

### **Akibat Kacingkrangan**

#### **Kriminalitas utawa Kadurjanan**

Kriminalitas yaiku tumindak ngenani kadurjanan lan tindak pidana kang ngglanggar ukum uga bisa ngrugekake liyan (Hendrojono, 2005:2). Maneka warna tumindak kriminalitas kasebut, sajrone cerbung *Tan Kendhat* ing antarane: 1) tumindak degsiya; lan 2) mendem.

#### **Tumindak Degsiya**

Degsiya mujudake salah sawijine tindak kriminal utawa kadurjanan kang bisa nyeret sapa wae menyang ukum pidana. Tumindak degsiya kasebut

ditindakake dening saperangan paraga sajrone cerbung *Tan Kendhat* kang bakal diandharake ing ngisor iki.

Nalika kuwi ing loji senthong kang madhep ngulon, Jojo lungguh ngliga dhadha madhep pangilon, nyleteti kukul. Ermi leyeh-leyeh bantalan ing pupune Jojo. Ermi pesen marang Jojo yen isi sing ana wetenge Ermi aja nganti digugurake kaya sing wis kaping pindho sadurunge. Ermi uga nduwe panjaluk marang Jojo supaya sumingkir saka papan loji kuwi. Nalika kuwi Ermi ora nduwe prasasat apa-apa. Tanpa dinyana Jojo meling marang Ermi yen Ermi ora oleh melu dheweke. Jojo pamit yen arep lunga adoh lan lungane iku kanggo golek sangu, dienggo sumingkir saka loji. Ora let suwe ana pawongan kang klebat mlebu kethimak-kethimik senthonge Jojo lan Ermi. Topi lan topenge dadi siji warna ireng. Mangkono uga panganggone. Lelakon kasebut bisa diwawas saka pethikan ing ngisor iki.

“Ermi merdeni ukarane Jojo sing pamit arep lunga adoh. Lan pranyata ora bali maneh. Arep tetulung, malah tiba njrekan kang kena dhupak. Durung nganti tangi didhupak maneh. Rambut dicandhak, ditarik nganti ndhangak. Lambe mangap nanging ora bisa mbengok. Rambut diobat-abitake, sirah dibentus-bentusake cagak. Dijorogake nganti tiba murep...” (JB, 2016:11:52)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Ermi kang merdeni ukarane Jojo sing pamit arep lunga adoh dienggo sumingkir saka loji. Nanging sajrone adu tresnane kuwi jebul ana pawongan kang panganggone sarwa ireng klebat mlebu senthonge Jojo lan Ermi. Jebul ukarane Jojo marang Ermi kuwi mertandha yen Jojo bakal lunga adoh kanggo selawase. Jojo lan Ermi diserang wong misterius. Jojo lan Ermi arep tetulung malah tiba lan dhupak saka wong misterius kuwi. Rambut kaloron kuwi dicandhak lan ditarik nganti ndhangak lan ora bisa tumindak apa-apa. Lambe bisa mangap nanging ora bisa mbengok njaluk tetulung.

#### **Mendem**

Mendem yaiku kaanan kecanduan amarga konsumsi alkohol nganti kananan sing ndadekake mudhune kemampuan mental lan fisik. Prekara lumrahe kayata micara sing ora cetha, keseimbangan kacau, koordinasi buruk, praupan kang semburat, mripat abang, lan tumindak-tumindak aneh liyane. Pawongan kang biasane mendem asring sinebut minangka pawongan alholik utawa “*pemabuk*”.

Kepriye lan sapa wae kang nindakake tindak mendem kasebut bisa diwawas saka andharan ing ngisor iki.

Wektu kuwi sawise Giso lan Karsi mangan sega karo tengah piring disurung gedhang goreng, gusis ora nganti limang menit. Wedang kopi panas dilangga tanpa disuntak lepek. Nyaut roko. Lungguh methingkrang sedhal-sedhul udud. Sedhela-dhela gleglek kewaregen, lembene kecap-kecap. Banjur wis krasa wareg. Banjur Giso ngajak Karsi nggone Thuyul. Tumindak kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Nggone Thuyul!” pangajake. Karsi manthuk ngiyani jalaran ngerti, yen Giso ngajak nenggak ciu. Ora cetha jeneng asline ning akeh sing ngerti marang Thuyul ciu. Bisa uga kagawa saka pawakane sing cilik mrengil, saben ngliga awak, kathoke kolor cekak, open-open jago.” (JB, 2016:18:7)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalika Giso lan Karsi marung nggone Wak Mangun. Warung sing sabendinane kanggo jujugan. Ing warung kunu uga panggone nulis nota utawa utang. Giso ngajak Karsi nggone Thuyul. Karsi wis mangerteni kodhene Giso kasebut, tegese Giso ngajak memdem. Nenggak ciu wis dadi pakulinane Giso lan Karsi. Bakul ciu kasebut jeneng kondhange Thuyul, ora cetha jeneng asline. Nanging, kabeh pawongan sing seneng tumindak kriminal kaya memdem wis mangerteni marang Thuyul ciu. Dicheluk Thuyul amarga pawakane kang cilik mrengil.

### **Upaya kanggo Ngrampungni Kacingkrangan Adol Narkoba**

Narkoba yaiku zat sing bisa nuwuhake pangaribawa tartantu tumrap pawongan sing nggunakake kanthi cara nglebokake obat kasebut ing awake, pangaribawa kasebut arupa pembiusan, ngilangake rasa lara rangsangan, semangat, lan halusinasi. Kanthi tuwuh efek halusinasi kasebut bisa nyebabake kelompok masyarakat utamane ing kalangan rumaja pengin nggunakake obat kasebut. Narkoba yaiku singkatan saka tembung narkotika, psikotropika, lan obat *terlarang*. Kepriye lan sapa wae kang adol narkoba kasebut bisa diwawas saka andharan ing ngisor iki.

Jojo diperjaya dening pawongan misterius banjur nuwuhake rajapati. Sebab rajapatine Jojo amarga dheweke nduwe sesambungan peteng yaiku nyebarake narkoba kanthi adol tinuku. Jojo dijaluki tulung dening Ngon kang jeneng asline Ngatijo. Tumindak kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“...wis suwe dadi burone polisi saindenging kutha lan wis kasusra minangka tukang nampa lan ngiderake sabu-sabu. Carane sawise nampa kiriman, dipantha-pantha, njur akon masok barang langganane, kanthi maneka cara. Salah siji tukang pasoke Jojo.” (JB, 2016:12:1)

Sapa lan saka ngendi asal-usule Ngon ora ana sing ngerti. Ngon kang nduweni ciri-ciri kulit kang warnane soklat semu ireng, pawakane gedhe dhuwur, rambute kaku, cetha yen Ngon dudu pawongan kang lumrah. Pawongan sing wis biyasa nglakoni tumindak pidana. Ngon dadi golek-golekane polisi amarga Ngon wis kondhang minangka tukang nampa lan ngiderake sabu-sabu.

### **Main**

Main yaiku dolanan kanthi nggunakake dhuwit utawa barang *berharga* minangka botohan kayata main dhadhu, kartu, lan liya-liyane. Tumindak iku mujudake salah sawijine tindak kriminalitas. Tumindak main kasebut bisa tinemu sajrone cerbung *Tan Kendhat* iki.

Kepriye lan sapa wae kang nindakake main kertu bisa diwawas saka andharan ing ngisor iki.

Nalika kuwi Giso lan Karsi lagi marung nggone Wak Mangun. Giso lan Karsi pancen pawongan kang asring nglakoni tumindak kriminal kayata main kertu. Meruhi yen Giso lan Karsi kang seneng dolanan kang nglanggar ukum kuwi, banjur Wak mangun andum crita ngenani panggon permainan kertuan kang mujudake tumindak kriminal kuwi. Lelakon kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Papan pancen nylempit. Ora saben irung bisa nyumurupi. Kaya pategalan dikupeng grumbul. Kalangan dhadhu, remi, domino, lintrik cina apa suthil. Giso milih lintrik cina sing dadi pakulinane. Nanging nganti dhuwit ujur pisan katut ludhes. Ujur kuwi paweweh sakadare saka sing menang marang sing kalah.” (JB, 2016:18:7)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen panggon permainan kertuan mesthi panggone ora diweruhi saben pawongan. Ana tempat rahasia kanggo mainan setan kuwi. Mligine panggon kang peteng-peteng supaya ora dicurigai dening wong liyan apa maneh diweruhi dening polisi. Main kertu maneka warna jinise kayata dadhu, remi, domino, lintrik cina, lan suthil.

### **Wanita Pelanyah**

Kacingkrangan mujudake faktor kang paling utama panyengkuyung tuwuh kadurjanan sajrone panguripan manungsa. Wanita pelanyahan tuladhane. Akeh pawadan kang njalari wanita kasebut nyambut gawe minangka lanyahan. Wanita lanyahan mujudake wong wadon kang panggaweyane adol awak lan gelem andum tresna karo sapa wae kanggo golek panguripan. Pelanyahan dhewe yaiku minangka bab-bab sosial kang tuwuh saben jaman lan sajrone bebrayan masyarakat. Tumindak kasebut ditindakake dening saperangan paraga sajrone cerbung *Tan Kendhat* kang bakal diandharake ing ngisor iki.

Nalika Ermi nglairake, Pakdhe Tulus lan Budhe Pri bingung golek tukang kang bisa ngrumat bayi. Banjur Cokro lan Leman diutus Budhe Pri golek pawongan kang bisa meteg lan ngramut bayi. Lumantar Leman, Budhe Pri entuk pawongan kang gelem ngrumat bayine Ermi yaiku Dirah.

“Kondhange pancen tukang peteg, yen ditintingi luwih njlimet, pranyata uga nyambi pakaryan sing luwih asor. Dirah ora nulak cucul panganggo yen ana tamu butuh diladeni. Jalaran yen mligi meteg, oleh-olehe bakal ora cukup karo kebutuhan uripe sakben dinane. Dirah uga tan lenggana menawa pakaryan peteg kuwi dudu gegayuhan uripe. Wong tuwa lanang lan wedoke ora ngundang supaya ing tembe, Dirah dadi tukang adol awak.” (JB, 2016:22:11)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalika Dirah mlebu loji ditutake kaliyan Leman lan Cokro. Dirah diutus kaliyan Ibu Tulus kanggo ngrumat bayine Ermi. Saliyane kuwi, Dirah kondhange pancen dhukun peteg

lan ngrumat bayi, nanging yen ditlusuri asal-usule sejatine Dirah uga nyambi gawean kang tumindak asor. Amarga yen mligi ing pakaryan siji wae kabutuhane Dirah ora bakal cucuk kanggo sabendinane. Kacingkrangan nduweni pangaribawa kang gedhe akibate Dirah dadi wanita pelayahan. Dirah gelem blak kotang yen ana tamu kang butuh njaluk diladeni. Sejatine Dirah uga sadhar yen pakaryane iku tumindak kang ala lan kalebu tumindak kriminal. Nanging kepriye maneh, kuwi wis dadi dalane Dirah kanggo mangan sabendinane.

### **Nyolong**

Nyolong yaiku tindak kriminal njupuk samubarange liyan lumantar tindakan kasar lan intimidasi. Kepriyen lan sapa kang nindakake tindak nyolong kasebut bisa dideleng saka andharan ing ngisor iki.

Nalika Piang nggawa Ermi saka Rumah Sakit, banjur digawa mulih menyang loji kuna. Piang nggumun dene kamare kaya mentas diorak-arik. Batine, Ermi genah dudu amarga Ermi isih lara. Piang mrangguli nreti ngreti Karsi, bapake sing klambrangan iku neng jero kamare. Terus ngglenes lunga sawise diwenehi dhuwit. Tumindak kasebut bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Piang ora ngira yen saben awan nalika loji sepi, Karsi nylinthung mlebu senthong. Gledhah-gledhah kaya ana sing digoleki. Karsi ngerti panggonan lan ngerti yen Piang wis cekel gawe, nalika mlebu nguntabake jisime Imanah nyang kuburan” (JB, 2016:15:4)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake nalika awan loji kaanane sepi mamring amarga sing manggoni padha metu nyambut gawe. Dumadakan Karsi, bapake Piang nylinthung mlebu senthonge Piang. Karsi gledhah-gledhah lemari lan samubarang liyane nganti sing ana neng jero kamar mawut kabeh. Karsi nindakake tumindak nyolong amarga Karsi wis weruh yen anake yaiku Piang wis bisa nyambut gawe dhewe masiya Ibune wis tinggal donya. Karsi kaya mangkono amarga dheweke ora nyambut gawe. Kanggo nyukupi kabutuhan sabendinane wae, direwangi utang-utang ngalor ngidul.

### **Gayutane Kacingkrangan sajrone Cerbung Tan Kendhat karo Realitas Sosial ing Bebrayan**

Sajrone bab iki kang bakal dirembug ngenani pawadan tuwuhe kacingkrangan lan akibat kacngkrangan.

### **Pawadan Tuwuhe Kacingkrangan sajrone Cerbung Tan Kendhat Angitane Ismoe Rianto karo Realitas Sosial ing Bebrayan**

Faktor Individu

Cacat Mental

Perangan sepisan bakal dijlentrehake ngenani cacat mental. Perkara kasebut banjur digayutake karo realitas sosial bebrayan. Cacat mental ing kene ora mung diduweni dening paraga sajrone cerbung wae. Cacat fisik uga dadi salah sawijine pawadan masyarakat kang urip kacingkrangan. Akeh tuladha-tuladha kang

nuduhake yen masyarakat Indonesia utamane bebrayan Jawa, kang urip kacingkrangan amarga nyandhang cacat mental. Amarga nyandhang cacat, ora bisa nyukupi kabutuhan sabendinane. Tumindak kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

“Seorang nenek, Satuni (79) warga RT 04/ RW 09 Desa Sumber rejo, Kecamatan Rengel, Tuban hidup memprihatinkan. Beliau merawat dua anaknya yang cacat. Untuk memenuhi kebutuhan sehari-hari, keluarga miskin ini mengandalkan uluran tangan orang lain terutama para tetangga. Dua anaknya, Sunardi (51) dan Kasbun (38). Sunardi cacat mental atau gangguan kejiwaan. Adapun Kasbun mengalami cacat berat, lumpuh sejak lahir dan matanya buta. (Suara Merdeka.com,17 Maret 2017:14.09 WIB)

Jarwane:

“Mbah Satuni, 79 taun, RT 06/RW 02 Desa RT 04/ RW 09 Desa Sumber rejo, Kecamatan Rengel, Tuban urip mrihatinake. Piyambake ngramut kaloro anake kang cacat. Kanggo nyukupi kabutuhan saben dinane, kulawarga miskin iki ngandhalake uluran tangane wong liyan utamane para tanggane. Kaloro anake, Sunardi kang umure 51 taun lan Kasbun kang umure 38 taun. Sunardi cacat mental utawa gangguan kejiwaan. Uga Kasbun ngalami cacat berat, lumpuh wiwit lair lan mripate wuta. (Suara Merdeka.com,17 Maret 2017:14.09 WIB)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake kepriye kaanane simbah sepuh asal Tuban, Mbah Satuni. Ing umure kang wis sepuh kasebut, Mbah satuni isih ngramut kaloro anake kang cacat yaiku Sunardi umure 51 taun lan Kasbun umure 38 taun. Sunardi ngalami cacat mental utawa gangguan kejiwaan lan Kabun ngalami cacat berat, dheweke lumpuh wiwit lair uga mripate wuta. Kaanan kasebut ndadekake kaloro anake Mbah Satuni ora bisa nyambut gawe. Kanggo nyukupi kabutuhane, kulawarga kang urip kacingkrangan iki sabendinane mung bisa ngandhalake bantuan saka wong liya utamane para tanggane.

Cacat Fisik

Perangan kapindho kang bakal dijlentrehake yaiku ngenani cacat fisik. Perkara kasebut banjur digayutake karo realitas sosial bebrayan. cacat fisik ing kene ora mung diduweni dening paraga sajrone cerbung Tan Kendhat wae. cacat fisik uga dadi salah sawijine pawadan masyarakat kang urip kacingkrangan. Akeh tuladha-tuladha kang nuduhake yen masyarakat Indonesia utamane bebrayan Jawa, kang urip kacingkrangan amarga kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

“Seorang nenek, Satuni (79) warga RT 04/ RW 09 Desa Sumber rejo, Kecamatan Rengel, Tuban hidup memprihatinkan. Beliau merawat dua anaknya yang cacat. Untuk memenuhi kebutuhan sehari-hari, keluarga miskin ini



*mengandalkan uluran tangan orang lain terutama para tetangga. Dua anaknya, Sunardi (51) dan Kasbun (38). Sunardi cacat mental atau gangguan kejiwaan. Adapun Kasbun mengalami cacat berat, lumpuh sejak lahir dan matanya buta. (Suara Merdeka.com, 17 Maret 2017:14.09 WIB)*

Jarwane:

“Mbah Satuni, 79 taun, RT 06/RW 02 Desa RT 04/ RW 09 Desa Sumber rejo, Kecamatan Rengel, Tuban urip mrihatinake. Piyambake ngramut kaloro anake kang cacat. Kanggo nyukupi kabutuhan saben dinane, kulawarga miskin iki ngandhalake uluran tangane wong liyan utamane para tanggane. Kaloro anake, Sunardi kang umure 51 taun lan Kasbun kang umure 38 taun. Sunardi cacat mental utawa gangguan kejiwaan. Uga Kasbun ngalami cacat berat, lumpuh wiwit lair lan mripate wuta. (Suara Merdeka.com, 17 Maret 2017:14.09 WIB)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake kepriye kaanane simbah sepuh asal Tuban, Mbah Satuni. Ing umure kang wis sepuh kasebut, Mbah satuni isih ngramut kaloro anake kang cacat yaiku Sunardi umure 51 taun lan Kasbun umure 38 taun. Sunardi ngalami cacat mental utawa gangguan kejiwaan lan Kasbun ngalami cacat berat, dheweke lumpuh wiwit lair uga mripate wuta. Kaanan kasebut ndadekake kaloro anake Mbah Satuni ora bisa nyambut gawe. Kanggo nyukupi kabutuhane, kulawarga kang urip kacingkrangan iki sabendinane mung bisa ngandhalake bantuan saka wong liya utamane para tanggane.

Nganggur

Perangan katelu kang bakal dijentrehake yaiku ngenani nganggur. Perkara kasebut banjur digayutake karo realitas sosial bebrayan. Nganggur ing kene ora mung diduweni dening paraga sajrone cerbung *Tan Kendhat* wae. Nganggur uga dadi salah sawijine pawadan masyarakat kang urip kacingkrangan. Akeh tuladha-tuladha kang nuduhake yen masyarakat Indonesia utamane bebrayan Jawa, kang urip kacingkrangan amarga pengangguran. Amarga pengangguran, ora bisa nyukupi kabutuhan sabendinane. Tumindak kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

*“...di kawasan Kelurahan Purwosari, Bojonegoro berencana akan mengumpulkan para pengangguran yang angkanya semakin tinggi.*

*“Semua pengangguran yang ada di Purwosari akan kami data,” ujar Hadi Ismanto. Sampai saat ini angka pengangguran di Purwosari memang tergolong banyak. Dan jumlahnya semakin bertambah akibat kemiskinan.” (Detik.com, Senin, 30 Januari: 17:24 WIB)*

Jarwane:

“...ing kawasan Kelurahan Purwosari, Bojonegoro, nduweni rencana ngumpulake para pengangguran kang angkane tansaya dhuwur.

“Kabeh pengangguran kang ana ing Bojonegoro bakal takdhata,” ujure Hadi Ismanto. Nganti sprene angka pengangguran ing Purwosari pancen kagolong akeh lan totale tansaya tambah akibat kacingkrangan.” (Detik.com, Senin, 30 Januari: 17:24 WIB)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake kaanane ing kawasan Kelurahan Purwosari, Bojonegoro kang duweni rencana bakal ngumpulake para pengangguran kang angkane tansaya dhuwur. Pengangguran ing Purwosari bakal didhata. Pengangguran ing Purwosari tansaya akeh banget amarga pendhudhuke urip kacingkrangan.

Faktor kultural

Faktor liya kang uga njalari masyarakat urip kacingkrangan yaiku faktor kultural. Masyarakat kudune luwih prigel lan giyat nyambut gawe supaya ora ngalami urip kacingkrangan. Tumindak kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

*“Kabupaten Bojonegoro adalah daerah yang tingkat kemiskinannya tergolong tinggi. Data Badan Pusat Statistik (BPS), Menurut dirinya, di Bojonegoro sebenarnya tidak ada orang miskin. Yang ada hanya orang malas.*

*“Kalau mereka bekerja tentunya tak ada lagi kemiskinan. Karena kemiskinan ini hanya karena masyarakatnya malas dan tidak mau bekerja,” ujarnya. (Detik.com, 2 Apr 2016:11.26 WIB)*

Jarwane:

“Kabupaten Bojonegoro yaiku dhaerah kang tingkat kacingkrangane kagolong dhuwur. Dhata Badan Pusat Statistik (BPS), Bojonegoro kalebu nomer loro angka kacingkrangan paling dhuwur ing Jatim. Miturut dheweke, ing Bojonegoro sejatine ora ana wong miskin. Kang ana mung wong ora gelem nyambut gawe.

“Yen dheweke nyambut gawe mesthi ora bakal kacingkrangan. Amarga kacingkrangan mung ana amarga masyarakat sing ora gelem nyambut gawe,” kandhane. (Detik.com, 2 Apr 2016:11.26 WIB)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen kacingkrangan ing dhaerah Bojonegoro tingkat kacingkrangane kagolong dhuwur. Kacingkrangan bisa tuwuh amarga tumindak *malas*, lan ora gelem nyambut gawe. Sejatine ora ana wong miskin yen pawongan kasebut gelem rekasa, anane mung wong ora gelem nyambut gawe. Kacingkrangan uga bisa tuwuh yen wong kasebut ora duwe niat kanggo nyambut gawe. ora bakal ana kacingkrangan yen masyarakatate sregep lan tekun

nyambut gawe. Masyarakat uga kudu giyat tenaga saliyane kuwi uga skill sing apik.

### **Akibat Kacingkrangan sajrone Cerbung Tan Kendhat Anggitane Ismoe Rianto karo Realitas Sosial ing Bebrayan**

Kriminalitas utawa Kadurjanan

Kriminalitas utawa kadurjanan yaiku salah sawijine akibat kacingkrangan. Kriminalitas utawa kadurjanan kang kalebu ing cerbung *Tan Kendhat* ana limang perangan yaiku a) tumindak degsiya; lan b) mendem. Ing kanyatan, tumindak-tumindak kasebut uga mujudake akibat bebrayan Jawa kacingkrangan, ing ngisor iki bakal dijlentrehake ngenani akibat kasebut.

#### a) Tumindak Degsiya

Perangan sepisan bakal dijlentrehake ngenani tumindak degsiya. Perkara kasebut banjur digayutake karo realitas sosial bebrayan. Tumindak degsiya ora mung diduweni dening paraga sajrone cerbung wae. Tumindak degsiya uga dadi salah sawijine akibat masyarakat kang urip kacingkrangan. Akeh tuladh-tuladha kang nuduhake yen masyarakat Indonesia utamane bebrayan Jawa, kang nindakake degsiya amarga urip kacingkrangan. Tumindak kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

*"Kasus pemotongan urat nadi anak berusia 7 bulan oleh ibu kandungnya, dia menyebut kasus kekerasan anak seperti yang terjadi di Jombang, Jawa Timur itu salah satunya timbul karena persoalan kemiskinan yang sampai sekarang belum bisa teratasi.*

*"Saya sangat sedih. Karena itu masalahnya kemiskinan. Jadi kalau (kemiskinan) diatasi maka itu tak terjadi..." (Kapanlagi.com, Minggu 26 Agustus 2017)*

Jarwane:

"Kasus pemotongan urat nadi anak umur 7 ulan dening ibu kandhunge, dheweke ngandharake kasus tumindak degsiya anak kayata kang kedadeyan ing Jombang, Jawa Timur iku salah sawijine tuwuh amarga perkara kacingkrangan kang nganti saiki durung bisa diatasi.

"Aku sedhik banget. Amarga iku perkara kacingkrangan. Dadi, yen kacingkrangan diatasi mula iku ora bakal kedaden..." (Kapanlagi.com, Minggu 26 Agustus 2017)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake kaanane bocah bayi, umur 7 ulan ing Jombang, Jawa Timur kang dipotong urat nadine dening Ibu kandhunge dhewe. Tumindak degsiya kasebut jalaran perkara kacingkrangan kang nganti saiki Ibune saka bocah bayi kasebut durung bisa dirampung. Ibune nindakake tumindak degsiya amarga ora bisa ngrumat bayine kasebut. Saliyane ngalami urip kacingkrangan, amarga sesambungan peteng uga bisa ndadekake tumindak degsiya kasebut bisa kelakon. Ora ana Bapake nalika nglairake bayine.

Mendem

Perangan kapindho kang bakal dijlentrehake yaiku ngenani tumindak mendem. Perkara kasebut banjur digayutake karo realitas sosial bebrayan. Pawadan mendem ora mung diduweni dening paraga sajrone cerbung wae. mendem uga dadi salah sawijine akibat masyarakat kang urip kacingkrangan. Akeh tuladh-tuladha kang nuduhake yen masyarakat Indonesia utamane bebrayan Jawa, kang nglakoni mendem amarga urip kacingkrangan. Tumindak kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

*"Unit Resmob Satreskrim Polres Sumenep, Jawa Timur, membekuk penjual minuman keras (miras). Sutikno, (40), jual miras akibat kemiskinan, selain itu sebagai sampingan untuk mencukupi kebutuhan sehari-harinya. Sutikno tak berkulit saat kedatangan menjual miras di tokonya di Desa Kapedi, Kecamatan Bluto.*

*"Tadi malam sararannya adalah miras," tutur Suwardi.*

*Polisi menyita 11 botol bir. Sebanyak 9 botol anggur juga disita, masing-masing 6 botol anggur merah dan 3 botol anggur putih, dan 6 liter arak ikut diamankan..." (Metrotvnews.com, Minggu 28 Mei 2017)*

Jarwane:

"Unit Resmob Satreskrim Polres Sumenep, Jawa Timur, nyekel tukang adol minuman keras (miras). Sutikno, 40 taun, ora bisa obah nalika konangan adol miras ing tokone ing Desa Kapedi, Kecamatan Bluto. Sutikno adol miras akibat kacingkrangan, saliyane iku uga minangka kanggo sampingan supaya bisa nyukupi kabutuhan sabendinane.

"Mau bengi sararane yaiku miras," tuture Suwardi.

Polisi nyita 11 botol bir. Akehe 9 botol anggur uga disita, saben 6 botol anggur abang lan 3 botol anggur putih, lan 6 liter arak melu diamanake..." (Metrotvnews.com, Minggu 28 Mei 2017)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake tumindake Sutikno, umur 40 taun asal Desa Kapedi, Kecamatan Bluto, Sumenep, Jawa Timur kang adol minuman keras (miras). Sutikno adol miras akibat dheweke urip kacingkrangan, saliyane iku uga minangka kanggo sampingan supaya bisa nyukupi kabutuhane. Saka tokone Sutikno kasebut, polisi nyita 11 botol bir, sangang botol anggur, enem botol anggur abang, lan telung botol anggur putih, lan enem liter arak.

### **Upaya kanggo Ngrampung Ngingitane Ismoe Rianto karo Realitas Sosial ing Bbebrayan**

Babagan katelu kang bakal dijlentrehake ana ing kene yaiku ngenani upaya kanggo ngrampung

kacingkrangan. Luwih cethane dijlentrehake ing ngisor iki.

Adol Narkoba

Perangan kapisan kang bakal dijlentrehake yaiku ngenani adol narkoba. Perkara kasebut banjur digayutake karo realitas sosial bebrayan. Tumindak kasebut ora mung diduweni dening paraga sajrone cerbung wae. Tumindak kasebut uga dadi salah sawijine akibat masyarakat kang urip kacingkrangan. Akeh tuladha-tuladha kang nuduhake yen masyarakat Indonesia utamane bebrayan Jawa, kang adol narkoba amarga urip kacingkrangan. Tumindak kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

*"Akibat tidak menerima rejeki berlimpah dari pekerjaannya sebagai juru parkir (jukir) Jl. Kenjeran, M Yunus warga Kampung Seng nekat mencari uang tambahan dengan jual sabu.*

*"Waktu dalam pengelendahan, anggota menemukan barang bukti lima paket sabu siap edar dengan berat total 2,11 gram," terangnya Dwi Hartanto. Sedangkan untuk bisnis sampingan tersebut, Yunus baru menjalankan sekitar 2 minggu. Harga sabu, dibandrol senilai Rp 150 ribu per paket. Jika sabu habis, keuntungan yang diperoleh Yunus sebesar Rp 700 ribu..." (Beritajatim.com, Jum'at 16 September 2016: 22.38.05 WIB)*

Jarwane:

"Akibat ora nrima rejeki kang akeh saka penggaweyane minangka juru parkir (jukir) ing panggon karaoke kulawarga Top 5, Jl. Kenjeran, M Yunus warga Kampung Seng nekat golek dhuwit tambahan kanthi adol sabu.

"Nalika digledhah, anggota nemokake barang bukti limang paket sabu siap edhar kanthi berat total 2,11 gram," cethane Dwi Hartanto.

Yen kanggo bisnis sampingan kasebut, Yunus lagi nglakokakke wetara 2 minggu. Rega sabu, dibandrol Rp. 150 ewu saben paket. Yen sabu entek, Yunus duwe untung kang gedhene Rp. 700 ewu..."(Beritajatim.com, Jum'at 16 September 2016: 22.38.05 WIB)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake tumindak kriminale tukang juru parkir, 19 taun sing nekat golek dhuwit tambahan kanthi adol sabu. Wong lanang kasebut dicekel polisi nalika ing panggon karaoke kulawarga Top 5, Jl. Kenjeran, M Yunus warga Kampung Seng. Dheweke nglakoni tumindak kriminal kasebut amarga anggone nyambut gawe, bayare kurang akeh lan ora cukup kanggo sabendinane.

Main

Perangan kapindho bakal dijlentrehake ngenani main. Perkara kasebut banjur digayutake karo realitas sosial bebrayan. Pawadan main kertu ora mung diduweni dening paraga sajrone cerbung wae. Main uga dadi salah sawijine akibat masyarakat kang urip kacingkrangan.

Akeh tuladha-tuladha kang nuduhake yen masyarakat Indonesia utamane bebrayan Jawa, kang nglakoni main kertu amarga urip kacingkrangan. Tumindak kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

*"Dua orang dedengkot bandar judi dadu, Muji, 64, warga Jalan Gilimanuk II Malang dan Mirsani, 64, warga Jalan Mawar Malang disergap polisi. Mereka warga asli Pamekasan, Madura. Dari tangan kedua tersangka, Polsekta Lowokwaru mengamankan satu lembar alas judi, tiga buah dadu dan uang tunai Rp 428 ribu. Muji mengaku, ia nekat menjadi bandar dadu lantaran pendapatannya dari hasil menyupir angkot tidak mencukupi kebutuhannya. (Klikapa.com, Senin 22 Agustus 2016)*

Jarwane:

"Rong dedengkot bandar main kertu dhadhu, Muji, 64 taun, warga Jl. Gilimanuk II Malang lan Mirsani, 64 taun, warga Jl. Mawar Malang disergap polisi. Kalorone warga asli Pamekasan, Madura. Saka tangan kalorone tersangka, Polsekta Lowokwaru ngamanake salemba lemek main kertu, telung dhadhu lan uang tunai Rp. 428 ewu. Muji ngaku, dheweke nekat dadi bandar dhadhu jalaran pendhapatane saka asile nyupir angkot ora nyukupi kabutuhane. (Klikapa.com, Senin 22 Agustus 2016)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake kaanane bandar main kertu dhadhu, Muji, 64 taun lan Mirsani, 64 taun disergap polisi. Kalorone asli warga Pamekasan, Madura. Kaloro pawongan kasebut nindakake tumindak kriminal kang awujud kertu kasebut amarga asile nyopir angkot ora cukup kanggo nyukupi kabutuhane. Banjur dheweke nekat dadi bandar dhadhu. Polisi uga ngamanake alase main, telung dhadhu, lan dhuwit 428 ewu. Tumindak main kasebut tuwuh amarga kanggo mentas saka kacingkrangan.

Wanita Pelanyahan

Perangan katelu kang bakal dijlentrehake yaiku ngenani wanita pelanyahan. Tumindak kasebut banjur digayutake karo realitas sosial bebrayan. Dadi wanita pelanyahan ora mung diduweni dening paraga sajrone cerbung wae. Wanita pelanyahan uga dadi salah sawijine akibat masyarakat kang urip kacingkrangan. Akeh tuladha-tuladha kang nuduhake yen masyarakat Indonesia utamane bebrayan Jawa, kang dadi wanita pelanyahan amarga urip kacingkrangan. Tumindak kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

*"Lokalisasi seperti di Jawa Timur, ada 44 titik lokalisasi prostitusi se-Jawa Timur. Di Jawa Tengah, pasti ada juga," katanya di Banyumas. Salim mengatakan hal itu di sela-sela kunjungan dan pemberian bantuan bagi empat kakak beradik penderita lumpuh di Desa Kedungwringin RT 01 RW 04, Kecamatan Jatilawang, Banyumas, Jawa Tengah. Ujung-ujungnya taruhlah bagian masalah kemiskinan.*

Oleh karena itu, kita di Kementerian Sosial siap, bahkan telah melakukan 'workshop'. Artinya, jangan karena kemiskinan itu seseorang sampai menjual dirinya..." (Antarane.com, Sabtu 7 Juli 2012: 20.15 WIB)

Jarwane:

"Lokalisasi kayata ing Jawa Timur. Ana 44 titik lokalisasi prostitusi se-Jawa Timur. Ing Jawa Tengah, mesthi ana uga," andhare ing Banyumas. Salim ngandharake yen babagan iku ing sela-sela kunjungan lan menehi bantuan tumrap patang kakang lan adhik kang ngalami lumpuh ing Desa Kedungwringin RT 01 RW 04, Kecamatan Jatilawang, Banyumas, Jawa Tengah. Dumadakan nyelehe ing perkara kacingkrangan. Mula saka iku, kita ing Kementrian Sosial siap, malah wis nglakoni 'workshop'. Tegese, aja amarga kacingkrangan, pawongan nganti adol awake..." (Antarane.com, Sabtu 7 Juli 2012: 20.15 WIB)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen ana 44 titik lokalisasi prostitusi sajawa Timur. Amarga akeh-akehe kang ndadekake kaanan kang kaya mangkono iku kepeksa, amarga perkara kacingkrangan. Pawongan kang nglakoni tumindak minangka wanita pelanyahan kayata wanita balewisma, duwe bojo, lan duwe anak. Kabeh dilakoni supaya bisa nyukupi kabutuhan sabendiane.

Nyolong

Perangan kapapat kang bakal dijlentrehake yaiku ngenani nyolong. Bab kasebut banjur digayutake karo realitas sosial ing bebrayan. Upaya kanggo ngrampung kacingkrangan ora mung diduweni dening paraga sajrone cerbung wae. Nyolong uga dadi salah sawijine upaya kanggo ngrampung kacingkrangan. Akeh tuladha-tuladha kang nuduhake yen masyarakat Indonesia utamane bebrayan Jawa. Tumindak kasebut kaya pethikan ing ngisor iki.

"Beralasan kesulitan ekonomi, seorang pria pengangguran di Bojonegoro nekat mencuri. Faris Hamzah (28) Warga Desa Bangilan, Kecamatan Kapas, Bojonegoro, nekat mencuri tas milik warga yang akan menunaikan salat di masjid.

"Karena saya tak punya kerjaan dan ini saya lakukan karena kondisi sakit dan butuh mengidupi keluarga saya. Baru enam kali di masjid yang sama ini," kata Faris Hamzah. (Detik.com, Rabu 3 Agustus 2017)

Jarwane:

"Kanthi alesan kasusahan ekonomi, wong lanang kang nagnggur ing Bojonegoro nekat nyolong. Faris Hamzah, 28 taun warga Desa Bangilan, Kecamatan Kapas, Bojonegoro nekat mencuri tas duwene warga kang arep sholat ing mesjid.

"Amarga aku ora duwe penggaweyan. Aku nindakake iki uga amarga kahananku lara lan butuh ngopeni kulawargaku. Lagi kaping nem ing masjid kang padha iki," kandhane Faris Hamzah. (Detik.com, Rabu 3 Agustus 2017)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen pria kang nganggur yaiku Faris Hamzah kang umure 28 taun warga Desa Bnagilan, Kecamatan Kapas, Bojonegoro nekat nyolong. Dheweke nyolong tas duwene warga kang arep sholat neng mesjid. Dheweke nglakoni tumindak nyolong kasebut amarga ora nyambut gawe alias nganggur. Dheweke uga lara lan minangka kepala kulawarga dheweke kudu ngopeni kulawargane. Faris Hamzah nglakoni tumindak nyolong wis kaping nem neng mesjid kang padha iku.

## PANUTUP

### Dudutan

Dudutan saka asil panjlentrehan bab kacingkrangan sajrone cerbung Tan Kendhat Anggitane Ismoe Rianto kanthi tintingan sosiologi sastra kaperang dadi lima. Bab kahanan ngenani wujud kacingkrangan sajrone cerbung Tan Kendhat kang diperang dadi telu, yaiku 1) tunawisma, kaanan iki mujudake salah sawijine urip kacingkrangan kang wujud ora nduweni omah utawa tempat tinggal kang tetep; 2) bocah ora kopen, kaanan iki yaiku minangka kaanan urip kacingkrangan amarga disepelakake dening wong tuwane saengga kabutuhan anak kayata jasmani, rohani, lan sosial ora kacukupi; lan 3) ora ana panggonan nyambut gawe, kaanan iki kalebu kacingkrangan kang ditengeri kanthi akehe pengangguran lan pendhapatan kang relatif rendhah.

Bab kang njalari dumadine kacingkrangan sajrone cerbung Tan Kendhat kang bisa diperang dadi loro, yaiku 1) faktor individu, lan 2) faktor kultural. Banjur saka rong faktor kasebut bisa diperang maneh. Faktor individu diperang dadi telu yaiku cacat mental, cacat fisik, lan nganggur.

Akibat kacingkrangan sajrone cerbung Tan Kendhat yaiku kriminalitas utawa kadurjanan. Kriminalitas utawa kadurjanan bisa diperang maneh dadi loro, yaiku 1) tumindak degsiya; lan 2) mendem.

Upaya kanggo ngrampung kacingkrangan sajrone cerbung Tan Kendhat kang kaperang dadi papat yaiku adol narkoba, main, wanita pelanyahan, lan nyolong.

Pranyata kacingkrangan sajrone cerbung Tan Kendhat pancen gegayutan karo realitas sosial ing bebrayan kang kaperang dadi loro, yaiku 1) pawadan tuwuhe urip kacingkrangan sajrone cerbung Tan Kendhat karo realitas sosial sajrone bebrayan, 2) akibate kacingkrangan sajrone cerbung Tan Kendhat karo realitas sosial sajrone bebrayan, 3) upayane kanggo ngrampung kacingkrangan sajrone cerbung Tan Kendhat karo realitas sosial sajrone bebrayan.

Kacingkrangan mujudake kaca benggalane kaanan ing panguripan kang nyata. Apa kang diandharake sajrone cerbung Tan Kendhat isih mujudake saperangan cilik kedadeyan kang ana masyarakat. Saka

andharan kasebut bisa didudut yen sejatine karya sastra kasebut tuwuh saka saka anane kedadeyan-kedadeyan sajrone masyarakat.

### **Pamrayoga**

Babagan sosiologi sing dumunung ing karya sastra ndadekake samubarang kang dirasan bisa narik kawigaten kanggo diteliti. Bab kasebut bisa narik kawigaten jalaran anane faktor sosiologis sing dumunung antarane sastra lan kasunyatan. Panlite iki isih adoh saka tembung kasampurnan. Isih ana perangan-perangan sing durung bisa kawedhar kanthi gamblang jalaran mung ngandharake bab-bab kang winates. Ewasemana, panliten iki diajab menahi sumbangsih tumrap panliten liyane.

Panliten iki isih ana kakurangan lan kaluputane, mula panliti nduweni pangajab supaya panliten sabanjure kang mligine ngenani kacingkrangan bisa katindakake kanthi luwih sampurna. Tumrap pamaos diajab bisa paring pamikiran anyar nalika ngripta karya sastra, lan bisa dadi piranti ajar kanggo pasinaon tumrap para siswa ing pawiyatan.

### **KAPUSTAKAN**

- Damono, Supardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebagai Pengantar Ringkas*. Jakarta: Departemen Pendidikan lan Kebudayaan
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodhe Penelitian Sastra: Epistemologi Model Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Hardjana, Andre. 1985. *Kritik Sastra: Sebuah Pengantar*. Jakarta: PT Gramedia
- Hatta, Meutia. 2017. "Kekerasan Anak Akibat Kemiskinan". [https://www.kapanlagi.com/showbiz/selebriti/meuthia-hatta-kekerasan-anak-akibat-kemiskinan-0d3239\\_print.html](https://www.kapanlagi.com/showbiz/selebriti/meuthia-hatta-kekerasan-anak-akibat-kemiskinan-0d3239_print.html). Diunduh tanggal 20 Juni 2017
- Herpin, Harry Derwanto, Susisilo. 2014. "Pembunuhan Berantai itu Bernama Cukrik". <http://lifestyle.kompas.com/read/2014/01/16/0821166/Pembunuh.Berantai.Itu.Berna.ma.Cukrik>. Diunduh tanggal 20 Juni 2017
- Huda, Mochamad Hisbullah. "Belasan Pengguna Narkoba Diamankan". <http://www.koranmadura.com/2016/04/28/belasan-pengguna-narkoba-diamankan/>. Diunduh tanggal 20 Juni 2017
- Hutomo, Saripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Jabrohim. 2012. *Teori Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Junaedi. 2016. "Judi Dadu Samaan Diringkus". <http://www.klikapa.com/read/3019/dedengkot-judi-dadu-samaan-diringkus/1>. Diunduh tanggal 18 Juni 2017
- Mahfud, Mohammad. 2016. "Pelacuran dan Ketidakadilan". [http://koran-sindo.com/page/news/2016-02-13/01/Pelacuran dan Ketidakadilan](http://koran-sindo.com/page/news/2016-02-13/01/Pelacuran%20dan%20Ketidakadilan), diakses 18 Juni 2017
- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Parwito. 2015. "Cerita satu keluarga miskin dan cacat tak dapat bantuan pemerintah". <https://www.merdeka.com/peristiwa/cerita-satu-keluarga-miskin-dan-cacat-tak-dapat-bantuan-pemerintah.html>. Diunduh tanggal 18 Juni 2017
- Priyonggo, Ragil. 2016. "Juru Parkir Karaoke Top 5 Sabu" ([http://beritajatim.com/hukum\\_kriminal/277024/juru\\_parkir\\_karaoke\\_top\\_5\\_jualan\\_sabu.html](http://beritajatim.com/hukum_kriminal/277024/juru_parkir_karaoke_top_5_jualan_sabu.html)). Diunduh tanggal 20 Juni 2017
- Rachman, Taufik. 2010. "Kemiskinan Picu Aksi Kejahatan dengan Kekerasan". <http://www.republika.co.id/berita/shortlink/101158>. Diunduh tanggal 18 Juni 2017
- Rahmatullah. 2017. "Razia Semalam, Polisi Cuma Sita Miras 20 Botol". <http://jatim.metrotvnews.com/read/2017/05/29/707013/razia-semalam-polisi-cuma-sita-miras-20-botol>. Diunduh tanggal 20 Juni 2017
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metodhe dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Rofiq, Ainur. 2017. "Alasan Ekonomi, Pria Pengangguran Nekat Curi Tas di Masjid". <https://news.detik.com/berita-jawa-timur/d-3584814/alasan-ekonomi-pria-pengangguran-nekat-curi-tas-di-masjid>. Diunduh tanggal 3 Agustus 2017
- Rofiq, Mochamad Nur. 2017. "Asik Main Judi, Kakek 68 Tahun Ditangkap". <http://bloktuban.com/berita-read.php/?show=7824-asik-main-judi-kakek-68-tahun-ditangkap.html>. Diunduh tanggal 20 Juni 2017
- Suharto, Edi. 2009. *Kemiskinan dan Perlindungan Sosial di Indonesia (Menggagas Model Jaminan Sosial Universal Bidang Kesehatan)*. Bandung: Alfabeta
- Sumarwoto. 2012. "Mensos: Jangan Jual Diri Karena Kemiskinan". <http://jateng.antaranews.com/detail/mensos-jangan-jual-diri-karena-kemiskinan.html>. Diunduh tanggal 20 Juni 2017
- Wellek, Rene Werren, Austin. 1995. *Teori Kesusastraan*. Yogyakarta: Gramedia